

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa salaku mahluk sosial jeung mahluk individu salawasna ngayakeun interaksi enggonging campur gaul di masarakat. Interaksi nu lumangsung bisa antara individu jeung individu, antara individu jeung kelompok, atawa kelompok jeung kelompok.

Prosés interaksi hakékatna mah mangrupa prosés komunikasi. Basa nyaéta alat komunikasi pikeun nepikeun amanat jeung pesen ka nu diajak komunikasi (Rohmadi, 2014). Makéna basa mangrupa kagiatan tumuluy anu dilakukeun ku manusa unggal waktu. Maké basa dina komunikasi lain kagiatan anu hésé, unggal manusa mampuh make basa pikeun alat komunikasi. Ari komunikasi dina enas-enasna mah nepikeun amanat kanu lian maké basa. Ku kituna, basa minangka alat komunikasi anu dipaké dina rupa-rupa fungsi jeung naon nu hayang ditepikeun ku panyatur. Sangkan amanat nu ditepikeun ka pamiarsa luyu jeung pamaksudan panyatur sarta teu matak pasalia paham, basa nu dipaké kudu bener tur merenah. Basa nu merenah nya éta basa anu keuna larapna atawa luyu kana kontéks situasi makéna.

Nurutkeun Kridalaksana (dina Sudaryat, 2014: 14), basa nyaéta sistem lambang arbitré anu dipaké ku para anggota kelompok sosial anu gawé bareng, komunikasi, jeung ngaidéntifikasi diri. Basa mibanda adegan jeung cara makéna. Adegan basa dipatalikeun kana makéna basa, boh sacara lisán (nyarita jeung ngaregepkeun) boh sacara tinulis (nulis jeung maca), ku kaé dah husus anu disebut pragmatik (Sudaryat spk, 2014: 10). Pragmatik mangrupa *dahan* linguistik anu maluruh ngeunaan kumaha basa digunakan dina komunikasi ogé salaku ulikan ngeunaan ma'na dina hubunganna jeung situasi-situasi ucapan atawa omongan *speech situation* (Leech dina Nadar, 2009: 5).

Pragmatik nyaéta bagian tina élmuning basa anu matalikeun saluyu (*serasi* atawa *harmonis*) henteuna adegan atawa kaé dah basa jeung makéna basa (Crystal

dina Sudaryat, 2016: 120). Pragmatik ogé salian tina nepikeun amanat, tugas jeung kabutuhan panyatur, tujuan komunikasi nyaéta ngajaga hubungan sosial antara panyatur jeung pamiarsa (Rohmadi, 2014).

Dumasar wanda kalimah dina wacana, aya opat rupa kalimah atawa omongan dina wacana, nyaéta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif jeung kalimah asértif. Sangkan leuwih museur ieu panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif dina wacana. Kalimah éksprésif nyaéta kalimah anu fungsi cumeluk jeung sora bituna basa (Sudaryat, 2016: 213).

Dina ieu panalungtikan, kalimah éksprésif rék ditalungtik maké pamarekan pragmatik. Kalimah dipaké pikeun komunikasi, pikeun ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiran atawa rasa. Ku lantaran kitu, kalimah ngandung naon-naon anu ditétélakeun, diébréhkeun, jeung dipikahayang ku panyaturna sangkan aya réspon ti pamiarsa. Ku sabab omongan ti panyatur ka pamiarsa nangtukeun pesen anu ditepikeun, sangkan jadi amanat, tangtu kudu aya timbal balikna ti pamiarsa ka panyatur.

Teu saeutik panyatur basa Sunda anu hésé maham kana maksud bacaan atawa omongan nalika komunikasi. Ari sababna, kurang merhatikeun kontéks makéna basa, kurang dina make kalimah éksprésif.

Nilik kana kaayaan saperti kitu, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan adegan pragmatis kalimah éksprésif. Adegan pragmatis kalimah éksprésif bisa kapanggih dina rupa-rupa ragam basa, di antarana waé, dina ragam basa sastra jeung ragam basa non sastra. Dina salahiji ragam basa non sastra saperti dina paguneman, adegan pragmatik kalimah éksprésif bisa kapanggih dina dialog para siswa dina téks paguneman. Kumaha kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung, masih perlu ditalungtik.

Panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif, saméméh kungsi aya, di antarana waé “Wanda Kalimah Éksprésif dina Novel Kembang-kembang Petingan karya Holisoh M.E” (Fanni Rahma Vanesa, 2016), “Kalimah Éksprésif dina carita nyambung misteri Haur Geulis pikeun Bahan Ajar Paguneman di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural jeung Semantik)” (Novi Anggi A.R, 2016).

Éta dua panalungtikan téh ngulik kalimah éksprésif tina jihat wangun, ciri kalimah jeung hartina, tapi teu nalungtik kana adegan pragmatisna, katambah objék

nu ditalungtikna béda. Éta hal méré gambaran yén kalimah éksprésif masih bisa kénéh ditalungtik, nyaéta tina segi adegan kapragmatisanna. Ku kituna, panalungtik anu judulna “Adegan Pragmatis Kalimah Éksprésif dina Téks Paguneman Siswa Kelas VII SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2017/2018” masih perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu diperhatikeun, di antarana waé:

- a. di SMP aya bahan ajar nulis téks paguneman;
- b. dina téks paguneman kapanggih rupa-rupa kedaling pragmatik kalimah, di antarana waé kalimah éksprésif; jeung
- c. kalimah éksprésif dina téks paguneman miboga adegan jeung harti nu tangtu.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung idéntifikasi maslah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun jadi wangun pananya ieu di handap:

- a. Aya sababaraha kalimah éksprésif anu kapanggih dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung?
- b. Kumaha adegan kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung?
- c. Kumaha harti kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung?

1.3 Tujuan Panaluntikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun kalimah éksprésif anu aya dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Ari sacara husus ieu panaluntikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsiéun tilu hal, nyaéta:

- a. jumlah kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung;
- b. adegan kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung; jeung
- c. harti atawa ma’na kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan gedé mangpaatna pikeun ngeuyeuban paélmuan tatabasa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tatabasa Sunda patali jeung kapragmatisan kalimah éksprésif anu aya dina téks paguneman siswa SMPN Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat téoritis dina ieu pnalungtikan gé miboga mangpaat praktis, di antarana waé:

- a. pikeun panalungtik séjén, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référensi ulikan pragmatik kalimah.
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan matéri pikeun pangajaran kalimah.
- c. pikeun siswa, ieu panalungtikan mangrupa pangaweruh ngeunaan salasahiji wangun tatabasa Sunda, nyaéta kalimah éksprésif, jadi leuwih jembar.
- d. pikeun nu maca, ieu panalungtikan mangrupa pangaweruh dina ngalarapkeun paguneman sapopoé, nalika ngedalkeun kahayang anu mangrupa cumeluk jeung sora bituna basa.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan ieu panalungtikan ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangoat panalungtikan.

Bab II Dasar Tioritis, anu eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung jeung kalungguhan téoritis panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan tiori kapragmatisan, struktur kalimah éksprésif, jeung harti kalimah éksprésif.

Bab III Métode Panalungtikan, anu eusina mangrupa desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, ngumpulkeun data jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina mangrupa hasil ngolah atawa analisis data dina panalungtikan.

Bab V Kacindekan jeung Saran, anu eusima ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran, ari rékoméndasi ditepikeun ku nu nulis ka pamaca. Pikeun méré informasi ngeunaan panalungtikan satuluyna.

Febria Pra Fitriyanti, 2018

*ADEGAN PRAGMATIS KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA TÉKS PAGUNEMAN SISWA KELAS VII SMPN 12 BANDUNG
TAUN AJARAN 2017/2018*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu